

**PANGARUH MODEL PALATIHAN Problem Based Learning NU  
DIBANTU KU MEDIA APLIKASI *Quizizz* KANA HASIL DIAJAR IPAS  
MURID KELAS III SAKOLA DASAR**

**Ku:**

**Melvi Khoerun Nisa  
215060051**

**ABSTRAK**

Panalungtikan ieu dilatarbelakangi ku handapna hasil diajar murid kelas III di SDN 162 Warung Jambu dina taun ajaran 2024/2025. Hal ieu disababkeun ku panggunaan modél pangajaran nu museur kana guru dina kontrol, sahingga murid kurang aktif milu dina prosés diajar. Pikeun ngungkulan masalah éta, dipaké modél Problem Based Learning (PBL) nu dipadukeun jeung média interaktif *Quizizz* pikeun ningkatkeun kalibet jeung hasil diajar murid. Tujuan panalungtikan ieu nyaéta pikeun nyaho palaksanaan jeung pangaruh modél Problem Based Learning nu dibantuan ku média *Quizizz* kana hasil diajar murid. Métode nu dipaké nyaéta *quasi eksperimen* jeung désain *nonequivalent control group*. Sampel panalungtikan ngawengku dua kelas, nyaéta kelas III B salaku kelas ékspérимén nu ngagunakeun modél Problem Based Learning dibarengan ku *Quizizz*, jeung kelas III C salaku kelas kontrol nu ngagunakeun pangajaran nu museur kana guru, masing-masing jumlahna 20 urang murid. Hasil panalungtikan nunjukkeun ayana paningkatan nu signifikan dina hasil diajar kelas ékspérимén, kalan nilai rata-rata *pretest* 61 ningkat jadi 85,5 dina *posttest*. Ari dina kelas kontrol, nilai rata-rata ngan ukur ningkat tina 44,75 jadi 55,75. Hasil uji *independent samples t-test* nunjukkeun bédha nu signifikan antara dua kelas, sarta nilai *effect size* 2,96 nunjukkeun pangaruh dina kategori kacida luhurna. Ku kituna, modél Problem Based Learning nu dibarengan ku média *Quizizz* kabuktian éfektif tur boga pangaruh positif nu gedé kana paningkatan hasil diajar murid.

**Kecap Pamageuh:** *Problem Based Learning, Quizizz, Hasil Diajar, SDN 162 Warung Jambu.*